

Dat li Anplas: 23 septanm 2013

Dènye Dat dokiman sa te revize: 27 septanm 2021

Avi sou Pratik Konfidansyalite (Notice of Privacy Practices, NPP) HIPAA: Tanpri Pran San w Pou Li !!

NPP a konsène Enfòmasyon ou yo, Dwa ou Genyen yo, ak Responsablite Nou yo. Li dekri fason ChristianaCare ka itilize ak pataje enfòmasyon w yo, ak fason ou kapab jwenn yo.

ChristianaCare pran vi prive pasyan yo oserye. Nou konnen enfòmasyon medikal ou yo pèsònèl anpil. Nou fè tout sa n kapab pou n kenbe enfòmasyon medikal ou yo sekre. Nou pral sèlman itilize epi pataje minimòm enfòmasyon ki nesèsè a pou sa yo vle fè a epi jan lalwa egzije sa.

<p>Responsablite Nou yo</p>	<p>Pou ba w sèvis, nou krewe ak resewa enfòmasyon pèsònèl sou sante ou. Enfòmasyon sa a rele Enfòmasyon Sante Pwoteje (Protected Health Information, PHI), epi se oumenm, doktè w yo, lopital yo ak lòt founisè sèvis swen sante ki patisipe nan ba w laswenyay yo. Pou manm Plan Avantaj Sante ak Byennèt ChristianaCare (plan avantaj) yo, PIH la ka soti nan men patwon w lan, lòt konpayi asirans yo, òganizasyon k ap jere lasante yo (HMO) oswa lòt administratè yo (TPA yo), si sa nesèsè. PHI w la kapab aloral, alekri oswa nan fòm elektwonik. Lalwa ekzije nou pou nou:</p> <ul style="list-style-type: none"> • kenbe PHI w la sekre epi an sekirite; • siyen yon Akò Asosye Komèsyal avèk lòt moun ki patisipe nan tretman w lan, peman w lan, ak aktivite swen sante nou yo ki mande pou asosye komèsyal la kenbe PHI a sekre epi an sekirite; • enfòmè ou rapid si nou detèmine yo te itilize oswa pataje PHI w la yon fason ki pa apwopriye ki mete sekre oswa sekirite enfòmasyon w yo an danje; • itilize ak pataje enfòmasyon w yo jan sa dekri nan avi sa a sof si ou di nou pa kapab fè sa alekri. Si w chanje lide nenpòt moman, ou dwe di nou sa alekri. • dwe respekte obligasyon ak pratik konfidansyalite yo jan sa dekri nan avi sa a epi ba ou yon kopi.
<p>Kiyès ki pral suiv avi sa a?</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Tout òganizasyon, etablisman ak klinik medikal ChristianaCare yo • Nenpòt doktè, pwofesyonèl swen sante, oswa lòt moun k ap pran swen ou • Tout moun ki travay pou ChristianaCare • Tout benevòl ChristianaCare yo • Nenpòt asosye komèsyal ki bezwen enfòmasyon sante pou yo kapab bay sèvis pou ChristianaCare
<p>Enfòmasyon Ou yo</p>	
<p>Nou ka konsève enfòmasyon sa</p>	<p>Enfòmasyon nou ka kenbe yo gen ladan, men gen toujou:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Done Klinik: Dyagnostik/Maladi, Rezilta Laboratwa, Medikaman, Lòt Enfòmasyon sou Tretman

yo sou ou:	<ul style="list-style-type: none"> • Done Demografik: Adrès/Kòd Postal, Dat Nesans, Lisans Chofè, Non, Nimewo Sekirite Sosyal, Lòt Bagay ki pou Idantifye • Done Finansyè: Enfòmasyon sou Reklamasyon yo, Kat Kredi/Nimewo Kont Labank, Lòt Enfòmasyon Finansyè, Non ak Enfòmasyon sou Lisans Chofè
-------------------	---

Fason Nou Itilize ak Pataje Enfòmasyon

Men pou ki rezon nou ka itilize ak pataje enfòmasyon w yo:	<p>Nou ka itilize ak pataje enfòmasyon w yo nan sitiyasyon sa yo, tankou, men gen toujou:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Ede jere tretman swen sante ou resevwa a • Kowòdone swen ou pami divès pwofesyonèl swen sante • Kolekte enfòmasyon evalyasyon ki nòmalize sou admisyon an pou yon Evalyasyon Sante Lakay • Faktirasyon pou sèvis sante w yo • Jere aktivite swen sante nou yo • Fè rechèch • Respekte lalwa • Ede rezoud pwoblèm sante piblik ak pwoblèm sekirite yo • Reponn demann pou fè don ògàn ak tisi epi travay avèk yon medsen lejis oswa direktè ponp finèb • Reponn demann pou asirans dedomajman pou aksidan nan travay, zafè lapolis, ak lòt demann gouvènman • Reponn plent ak aksyon devan lajistis • Jere plan sante w la, si sa nesèsè pou manm plan avantaj yo • Bay sèvis ak pwogram pou manm plan avantaj yo
---	--

Chwa Ou Genyen

Ou ka fè kèk chwa nan fason nou itilize ak pataje enfòmasyon w yo pou nou:	<p>Ou ka chwazi fason nou itilize ak pataje enfòmasyon w yo pou sitiyasyon sa yo, tankou, men gen toujou:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Reponn kesyon fanmi ou ak zanmi w yo ki gen rapò ak tretman an • Pandan n ap pote sekou lè gen katastwòf • Kominike avèk ou grasa aparèy pòtab ak aparèy nimerik yo • Fè piblisite pou sèvis ak pwodui nou yo • Vann PHI w la
---	---

Dwa Ou Genyen yo

Men dwa ou genyen yo:	<p>Men dwa ou genyen yo, men se pa sèlman sa:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Ou gen dwa pou jwenn yon kopi dosye sante w ak dosye reklamasyon w yo • Ou gen dwa pou mande pou yo korije dosye sante w ak dosye reklamasyon w yo • Ou gen dwa pou jwenn yon lis moun nou te pataje enfòmasyon w yo • Ou gen dwa pou mande nou limite enfòmasyon nou pataje yo • Ou gen dwa pou mande pou n kominike ak ou an sekre • Ou gen dwa pou mande yon kopi avi konfidansyalite sa a • Ou gen dwa pou depoze yon plent si w kwè yo te vyole dwa w genyen pou yo pwoteje enfòmasyon pèsònèl ou yo • Ou gen dwa pou chwazi yon moun ki pou aji nan non ou
------------------------------	---

Paj sa yo dekri dwa w genyen yo an detay, fason nou itilize ak pataje enfòmasyon yo, ak responsabilite nou genyen anvè ou.

Detay sou Fason Nou Itilize ak Pataje Enfòmasyon yo

Seksyon sa a dekri fason nou ka itilize epi pibliye enfòmasyon medikal sou ou. Menm si lis sa a pa genyen tout responsabilite yo, tout fason nou ka itilize epi pataje enfòmasyon w yo san ou pa bay pèmasyon ou tonbe nan youn nan kategori ki nan seksyon sa a.

Ede jere swen sante ou resevwa a	<ul style="list-style-type: none"> Nou ka itilize enfòmasyon sante w yo pou n ba ou swen medikal. Nou ka bay doktè yo, doktè ki nan fòmasyon yo, enfimiyè yo, etidyan yo, oswa lòt anplwaye ki nan òganizasyon nou an ki patisipe nan ba w laswenyay enfòmasyon medikal sou ou. Nou ka pibliye enfòmasyon medikal yo pou n travay avèk moun ki pa nan sistèm sante a pou ba ou laswenyay. 	<p>Egzanp:</p> <p>Yon moun k ap jere ka pral itilize enfòmasyon sou dyagnostik ak plan tretman w lan pou li planifye lòt sèvis pou lè w ale lakay ou.</p>
Pou n touche	<p>Nou ka itilize ak pibliye enfòmasyon sante sou swen ou pou nou mande ou, yon konpayi asirans oswa lòt peyè peye.</p>	<p>Egzanp:</p> <p>Nou gendwa di plan asirans ou an swen ou pral resevwa, oswa ou te resevwa, pou rezon faktirasyon.</p>
Pou dirije ChristianaCare	<p>Nou ka itilize ak pibliye enfòmasyon medikal sou ou pou n dirije ChristianaCare.</p> <ul style="list-style-type: none"> Nou ka itilize enfòmasyon w yo pou n wè jan nou te pran swen ou, ak jan ou te ye lè nou t ap ba ou swen. Nou ka rasanble enfòmasyon medikal sou gwoup pasyan yo pou n detèmine si gen lòt sèvis ChristianaCare ta dwe ofri, ki sèvis ki nesèsè oswa ki pa nesèsè, epi ki nouvo tretman ki efikas. Moun k ap pran swen ou, tankou doktè, enfimiyè, ak etidyan medsin yo, ka resevwa enfòmasyon yo pou rezon aprantisaj. Enfòmasyon yo ka melanje ak enfòmasyon medikal ki soti nan lòt lopital pou n konpare pèfòmans nou epi pou n wè si nou kapab amelyore swen ak sèvis nou ofri yo. 	<p>Egzanp:</p> <ul style="list-style-type: none"> Nou itilize enfòmasyon sou sante w pou n kapab devlope pi byen sèvis yo pou ou. Nou pataje enfòmasyon sante yo ak konpayi ki bay sèvis administratif yo.
Jefò pou kolekte lajan	<ul style="list-style-type: none"> Nou ka kontakte w pou mande w fè yon don. Nou kapab itilize kèk enfòmasyon pou rezon sa a, tankou enfòmasyon pou pran kontak ak ou, laj ou, sèks ou, dat sèvis yo, depatman sèvis la, doktè k ap trete w la, enfòmasyon sou rezilta nan sa ki gen pou wè ak sante, epi nan ki pwèn asirans sante ou ye. 	<p>Egzanp:</p> <p>Nou ka itilize enfòmasyon demografik ou yo ak lòt ti done yo pou nou kontakte w pou fè don pou kore pwogram pou kèk maladi.</p>

	<ul style="list-style-type: none"> • Si w pa vle pou yo kontakte w nan kad jefò pou kolekte lajan n ap fè a, ou ka retire kò ou nan youn nan fason sa yo: 1) lè w rele nan 1-800-693-2273; 2) voye yon imèl nan optout@christianacare.org; oswa 3) lè w voye yon lèt bay Biwo Devlopman ChristianaCare, 13 Reads Way, Suite 203, New Castle, DE 19720. • Nou p ap refize ba w tretman ni trete w an moun pa poutèt yon desizyon ou pran pou fè don. 	
<p>Fè Piblisite pou Sèvis ak Pwodui nou yo</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Nou pa pral itilize ni pibliye PHI w la pou n fè piblisite san pèmisyon ou. • Sa ki vini annapre yo se pa mesaj piblisite, epi yon pèmisyon ka pa nesèsè si: <ul style="list-style-type: none"> ▪ nou fè li pou dekri yon pwodui oswa sèvis ki gen rapò ak sante (oswa paman pwodui oswa sèvis sa a); ▪ nou fè li pou pataje avèk antite k ap patisipe nan yon rezo pwofesyonèl swen sante oswa rezo plan sante, yon ranplasman oswa amelyorasyon yon plan sante; ▪ li gen pou wè ak pwodui oswa sèvis sante ki disponib sèlman pou yon moun ki enskri nan plan sante ki ajoute valè nan yon plan avantaj, men li pa nan plan avantaj la; ▪ nou itilize li pou n anonse gen yon nouvo gwoup espesyalite oswa nouvo ekipman ki rive; ▪ nou fè li pou tretman moun lan; ▪ nou fè li pou jesyon ka oswa kowòdinasyon swen pou moun lan, oswa pou dirije oswa rekòmande lòt tretman, terapi pwofesyonèl swen sante oswa etablisman swen bay moun lan. 	<p>Men Egzanp Mesaj pou fè Piblisite:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Yon mesaj ki soti nan yon lopital pou enfòmè ansyen pasyan yo sou yon sant kadyoloji, ki pa fè pati lopital la, ki kapab bay yon sèvis debaz pou yon frè. • Lè mesaj la pa gen objektif bay konsèy sou tretman an. <p>Men Egzanp Mesaj ki Pa Pou Fè Piblisite:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Yon pwofesyonèl swen sante pataje dosye medikal yon pasyan ak plizyè pwogram jesyon konpòtman pou detèmine ki pwogram ki pi byen satisfè bezwen pasyan endividyèl la genyen. • Yon travayè sosyal lopital la pataje enfòmasyon sou dosye medikal la ak divès mezon retrèt ki ap rekòmande pou yo transfere pasyan an soti sou yon kabann lopital ale nan yon mezon retrèt.

		<ul style="list-style-type: none"> Yon pwofesyonèl swen sante voye yon imèl bay abone ki pral gen laj pou yo elijib pou Medicare ki gen dosye ki dekri plan siplemantè Medicare li ak yon fòm aplikasyon.
Lavant PHI la	<ul style="list-style-type: none"> Nou pa pataje PHI w yo pou kapab touche lajan san pèmisyon ou. Ak pèmisyon ou, nou ka pataje PHI w la nan kèk ka ki limite, tankou pou aktivite rechèch kote ranbousman an dwe fèt sèlman pou frè preparasyon ak pataj PHI la. 	<p>Egzanp: Si ChristianaCare resevwa yon òf pou li achte PHI w la, nou pa p kapab vann ak pibliye enfòmasyon w yo bay antite a san w pa bay apwobasyon ou alekri.</p>
Repètwa lopital la	<ul style="list-style-type: none"> Lè w se yon pasyan, nou ka mete enfòmasyon ki limite sou ou nan repètwa lopital, yon fason pou zanmi w, fanmi w, ak klèje a ka vin wè ou pou yo konnen kijan w ye. Enfòmasyon sa yo ka gen ladan non w, kote w ye nan lopital la, nimewo telefòn ou, eta jeneral ou (bon, pa twò bon, grav oswa grav anpil) ak relijyon ou. Nou ka pibliye enfòmasyon pou di yon pasyan mouri depi nou enfòme yon paran pwòch. Si w pa vle okenn moun konnen ou nan lopital la, ou dwe siyen yon fòm pou mande pou yo retire ou nan repètwa lopital la. 	<p>Egzanp:</p> <ul style="list-style-type: none"> Yo ka bay moun ki site non w pou mande pou ou enfòmasyon yo sof pou relijyon ou. Yo ka di yon manm klèje a relijyon ou menm si li pa site non w pou mande pou ou.
Fanmi ak zanmi yo	<ul style="list-style-type: none"> Nou ka bay yon zanmi oswa fanmi ki patisipe nan ba w laswenyay enfòmasyon medikal sou ou. Sa pral gen ladan moun ou mansyone nan nenpòt pwokirasyon pou swen sante oswa yon dokiman ki menm jan an ou ban nou. Nou ka bay yon moun ki ede peye laswenyay ou enfòmasyon yo. 	<p>Egzanp: Nou ka bay fanmi ki patisipe nan ba w laswenyay enfòmasyon medikal sou ou.</p>

<p>Rechèch</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Selon kalite rechèch la, nou ka mande w pou w apwouve alekri anvan nou itilize enfòmasyon medikal ou yo oswa pataje yo ak lòt moun yo pou fè rechèch. • Men, nou ka bay moun ki nan ChristianaCare k ap prepare yon pwojè rechèch oswa ki enskri pasyan yo nan pwojè rechèch enfòmasyon sante w yo. • Nan chak ka Biwo Komite Revizyon Enstitisyonèl (Office of Institutional Review Board, IRB) pral egzamine epi detèmine si nou bezwen konsantman ou, otorizasyon ou, oswa ni youn ni lòt. 	<p>Egzanp:</p> <p>IRB a deside si yo ka bay yon komite rechèch ki te pran mezi pou pwoteje enfòmasyon w yo enfòmasyon yo.</p>
<p>Konsiderasyon Espesyal pou Manm Plan Avantaj ChristianaCare yo</p>	<p>Pou manm plan avantaj ChristianaCare yo, yo itilize ak pataje PHI la pou:</p> <ul style="list-style-type: none"> • jere plan an; • fasilite tretman medikal oswa sèvis pwofesyonèl swen sante yo bay; • planifye pwogram jesyon maladi ak pwogram byennèt pou manm ki gen maladi espesyal yo, tankou dyabèt, opresyon, ak lòt pwoblèm sante ofiyamezi y ap kreye pwogram yo; • detèmine si moun elijib pou avantaj plan yo, kowòdone pwoteksyon ant divès plan swen sante, epi kowòdone peman pou sèvis yo resevwa yo; • fikse prim ki apwopriye pou plan an; • detekte epi mennen ankèt sou fwod; • fè oswa planifye egzamen medikal, sèvis jiridik oswa sèvis odit yo. 	<p>Egzanp:</p> <p>Si w se yon manm plan avantaj ChristianaCare, plan ChristianaCare a ka pataje PHI ou a ak lòt plan sante yo pou fasilite yo peye sèvis yo.</p>

Sitiyasyon Espesyal

Nou gen otorizasyon oswa obligasyon pou n pataje enfòmasyon w yo nan lòt fason san pèmasyon ou — jeneralman nan fason ki kontribiye nan enterè jeneral la, tankou sante piblik ak rechèch.

Pou jwenn plis enfòmasyon, al gade nan:

www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/consumers/index.html.

<p>Rechèch</p>	<p>Nou kapab itilize oswa pibliye enfòmasyon w yo pou rechèch nan zafè sante san pèmasyon w, si IRB a te egzamine epi apwouve yon renonsyasyon konsantman ak otorizasyon.</p>
<p>Jan lalwa ekzije sa</p>	<p>Lè lwa federal, lwa Eta a oswa lwa lokal egzije nou fè sa.</p>
<p>Pou evite gwo menas pou sante oswa sekirite piblik</p>	<p>Pou ede evite menas pou sante w ak sekirite ou, yon lòt moun, oswa piblik la, nou ka pataje enfòmasyon w yo pou kèk sitiyanon espesifik:</p> <ul style="list-style-type: none"> • prevansyon maladi; • ede raple pwodui yo tounen;

	<ul style="list-style-type: none"> • siyale move reyaksyon fas ak medikaman yo; • denonse abi, neglijan oswa vyolans nan kay nou sispèk; epi • anpeche oswa redui gwo menas pou sante oswa sekirite nenpòt moun.
Otorite Sante Piblik yo	Nou ka bay enfòmasyon yo nan kad aktivite sante piblik, tankou siyale epidemi maladi; nesans ak lanmò; abi sou timoun oswa moun aje; reyaksyon fas ak medikaman; avi pou rantrè pwodui; oswa maladi kontajye.
Evalyasyon Sante Adomisil	Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Ameriken (U.S. Department of Health and Human Services) mande pou tout ajans sante adomisil yo kolekte enfòmasyon evalyasyon nòmalize sou admisyon an chak de (2) mwa pandan sèvis ak egzeryat la. Yo itilize Ansanm Enfòmasyon sou Rezilta ak Evalyasyon (Outcome and Assessment Information Set, OASIS) pou siveye ak evalye swen ajans sante lakay yo bay. Enfòmasyon sa yo sekrè selon Lwa Federal sou Lavi Prive a epi yo pataje yo sèlman ak ajans ki gen otorizasyon yo.
Reponn pou fè don ògàn ak tisi	Nou kapab pataje enfòmasyon sou sante ou ak òganizasyon ki fè apwozyònman ògàn ki jere zafè don pou je ak tisi oswa yon bank don ògàn, yon fason pou òganizasyon sa yo ka ede w ak grèf la.
Koronè, medsen lejis ak direktè ponp finèb yo	Nou kapab pataje enfòmasyon sante yo ak yon kowonè, yon medsen lejis, oswa yon direktè ponp finèb pou idantifye yon moun ki te mouri oswa pou konnen rezon ki fè moun lan te mouri. Nou pral pwoteje sekrè enfòmasyon medikal ou yo pandan 50 lane apre lanmò ou.
Militè ak Veteran	Si w se yon manm fòs lame, nou ka pibliye enfòmasyon medikal sou ou jan otorite kòmandman militè yo egzije sa. Nou ka bay Depatman Afè Veteran enfòmasyon yo pou konnen si w kapab resevwa kèk avantaj.
Dedomajman pou aksidan nan travay	Nou ka pataje enfòmasyon yo pou ede pwogram ki bay avantaj pou blesi oswa maladi nan travay.
Aktivite siveyans sante	Nou ka bay ajans k ap kontwòle sistèm swen sante a oswa pwogram gouvènman yo enfòmasyon yo, epi asire nou lopital yo respekte lwa a. Aktivite sa yo gen ladan yo odit, ankèt, enspeksyon ak zafè bay lisans.
Pwosè ak litij	Si w nan yon pwosè oswa yon litij, nou ka pibliye enfòmasyon medikal sou ou si nou resevwa yon òdonans tribinal oswa administratif ki valid, yon sitasyon, yon demann pou etablisman fè yo, oswa yon lòt demann legal yon moun ki enplike nan afè a voye.
Lapolis	Si otorite lapolis yo mande pou n fè sa oswa si lalwa egzije nou fè sa: <ul style="list-style-type: none"> • Kòm repons pou yon òdonans tribinal ki valid, yon sitasyon, manda, asiyasyon, oswa lòt pwosesis ki menm jan. • Pou idantifye oswa jwenn yon sispèk, yon moun ki nan mawon, yon temwen esansyèl oswa yon moun ki disparèt. • Pou fè repòtaj sou yon moun ki viktim yon krim si, nan kèk ka, nou pa an mezi pou n fè moun lan dakò. • Pou siyale yon lanmò nou panse yon konpòtman kriminel ka lakoz. • Pou siyale konpòtman kriminel nan etablisman nou yo.

	Nan ka ijans yo: Pou siyale yon zak kriminel, montre kote zak kriminel lan fèt la oswa viktim yo, oswa bay idantite, deskripsyon, oswa kote moun ki te fè zak la (yo) ye.
Prizonye	Si w nan prizon oswa ou nan men yon polisye, nou ka bay prizon an oswa polisye yo enfòmasyon medikal ou yo lè sa nesèsè pou sante w ak sekirite w oswa pou sante ak sekirite lòt moun yo.
Sekirite nasyonal ak aktivite ransèyman	Nou ka bay otorite federal ki gen otorizasyon yo enfòmasyon yo pou yo mennen aktivite lalwa otorize ki konsène sekirite nasyonal. Sa gen ladan pwoteksyon Prezidan an ak chèf leta etranje yo.
Restriksyon anplis sou itilizasyon ak pataj enfòmasyon	Kèk lwa federal oswa lwa eta ka egzije plis pwoteksyon nan sa ki gen pou wè ak vi prive. Lè sa nesèsè, nou pral respekte lwa federal ak lwa Eta a sou vi prive ki pi estrik ki gen pou wè ak itilizasyon ak pataj enfòmasyon sante konsènan VIH/SIDA, kansè, sante mantal, move itilizasyon alkòl ak/oswa sibstans, tès jenetik, maladi moun pran nan fè bagay, epi planin familyal ak sante repwodiktif.

Detay sou Dwa Ou Genyen yo

Nan zafè enfòmasyon sou sante ou, gen kèk dwa ou genyen. Seksyon sa a dekri dwa ak responsabilite nou genyen pou nou ede w.

Jwenn yon kopi dosye sante w la	<ul style="list-style-type: none"> • Souvan, ou gen dwa pou wè oswa jwenn yon kopi enfòmasyon sante w yo. • Si w mande yon kopi, nou ka mande w yon ti kraze monnen pou peye frè pou fè kopi a, pou voye li ba ou, oswa lòt materyèl yo. Ou ka mande nou ba w yon kopi dosye w la nan yon fòm elektwonik espesifik. • Nou pral ba w kopi a nan fòm ou mande a si nou kapab fè li fasil. Sinon, nou pral fè aranjman avèk ou pou n ba w kopi a nan yon fòm elektwonik ou kapab li. An jeneral, se nan 30 jou oplita apre w fin fè demann lan. • Nan kèk ka ki ra, nou ka pa an mezi pou n kite w wè oswa jwenn kopi dosye w la. Si sa rive, n ap di w rezon an, epi ou pral gen dwa pou w mande pou yo egzamine desizyon sa a. • Pou resevwa yon kopi enfòmasyon sante w yo, tanpri ekri Sèvis Jesyon Enfòmasyon ChristianaCare (Health Information Management Services, HIMS), ATTN: HIMS Department, 501 W. 14th Street, Wilmington, DE 19801. Pou dosye faktirasyon an, tanpri kontakte departman faktirasyon kote yo te ba w sèvis la. Nou te bay enfòmasyon pou pran kontak ak departman HIMS lan nan denyè paj avi sa a. • ChristianaCare pral kenbe dosye medikal yo jan règleman federal ak règleman eta yo egzije sa epi selon kontra ak pwosedi nou yo. Lè li pa obligatwa ankò pou yo kenbe dosye medikal yo, y ap detui yo san danje.
Mande nou pou	<ul style="list-style-type: none"> • Ou gen dwa pou ou mande yo korije yon enfòmasyon ki pa kòrèk oswa ki pa konplè depi se ChristianaCare ki gen enfòmasyon an. Pou mande yon koreksyon, ou dwe ekri Ajan Pwoteksyon Vi Prive a pou ba li rezon an. • N ap reponn demann ou an alekri nan 60 jou oplita. • Nou ka refize demann ou an si w mande nou korije enfòmasyon:

<p>nou korije dosye sante ou</p>	<ul style="list-style-type: none"> ○ nou pa t kreye, sof si moun oswa antite ki te kreye enfòmasyon pa disponib ankò pou li fè koreksyon an. ○ ki pa fè pati enfòmasyon medikal ChristianaCare konsève oswa yo konsève pou ChristianaCare. ○ ki pa fè pati enfòmasyon yo pral otorize ou gade epi kopye. ○ ki egzak epi konplè. ● Ou gen dwa pou bay Ajan Pwoteksyon Vi Prive a yon deklarasyon alekri pou di ou pa aksepte refi yo bay demann ou fè pou koreksyon an. Li ap pibliye li avèk dosye w la apresa.
<p>Resevwa yon lis ki gen moun nou pataje enfòmasyon w yo ak yo (lis pataj enfòmasyon yo)</p>	<ul style="list-style-type: none"> ● Ou gen dwa pou mande pou yo fè yon "kontaj chak fwa nou pataje enfòmasyon yo ak lòt moun". Se yon lis ki gen tout enfòmasyon medikal yo pataje sou ou ki pa nan kad sistèm sante a pou fè aktivite yo endike pi wo a nan seksyon "Fason Nou Itilize ak Pataje Enfòmasyon". ● Li pa aplikab pou enfòmasyon yo pataje pou pran swen ou, pou ChristianaCare touche, pou dirije ChristianaCare. ● Pou mande lis sa a, ou dwe fè demann ou an alekri pou bay Ajan Pwoteksyon Vi Prive a. ● Demann ou an dwe di peryòd tan ou vle a epi li dwe tonbe nan sis (6) dènye ane ki sot pase yo. ● Premye demann lan ki nan espas yon peryòd 12 mwa ap gratis. Nou ka mande w peye yon frè pou nou ba w lòt lis yo. ● Nou pral di w pri a pou ka jwenn apwobasyon ou anvan nou voye lis la.
<p>Resevwa Avi pou yon Vyolasyon</p>	<ul style="list-style-type: none"> ● Ou gen dwa pou resevwa avi si gen yon vyolasyon enfòmasyon sante pwoteje w yo. Yon vyolasyon se lè yo achte, pran, itilize oswa pataje PHI yo san otorizasyon, sa ki mete sekirite oswa sekre enfòmasyon yo an danje. ● Yo ka ba w avi sa a nan lapòs oswa nan laprès selon lwa ki anplas la.
<p>Restriksyon sou itilizasyon ak pataj enfòmasyon w yo</p>	<ul style="list-style-type: none"> ● Ou gen dwa pou mande nou limite enfòmasyon medikal nou itilize oswa pibliye sou ou. Nou ka pa an mezi pou n aksepte demann ou an. Si nou aksepte, nou pral fè sa jan w mande a, sof si enfòmasyon yo nesèsè pou n ba ou tretman annijans. ● Ou ka mande pou yo pa pibliye enfòmasyon sou yon bagay oswa yon sèvis ou te peye pou li an plen ak kòb nan pòch ou pou zafè peman oswa aktivite swen sante. Yo ka toujou itilize enfòmasyon sa yo pou fè tretman oswa jan lalwa egzije sa. ● Pou mande yon restriksyon, voye demann ou an alekri bay Ajan Pwoteksyon Vi Prive a. ● Nan demann ou an, ou dwe di nou: (1) enfòmasyon ou vle limite a; (2) si w vle limite fason nou itilize, pataje enfòmasyon w yo, oswa toude; epi (3) pou kiyès ou vle pou limit yo aplike, tankou enfòmasyon nou pataje ak mari/madanm ou oswa yon konpayi asirans.
<p>Mande pou n kominike ak ou an sekre</p>	<ul style="list-style-type: none"> ● Ou gen dwa pou mande nou itilize yon adrès oswa nimewo telefòn ki diferan pou nou kontakte w pou n kenbe enfòmasyon sante w yo prive. ● Lè w bannou adrès ak nimewo telefòn ou lè w ap anrejistre, ou dwe di nou si w

	<p>prefere nou itilize yon dezyèm adrès oswa nimewo telefòn.</p>
<p>Dwa pou gen yon kopi papye avi sa a</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Ou gen dwa pou mande yon kopi avi sa a. • Ou ka soumèt yon demann bay Biwo Anrejistremant Pasyan an oswa Ajan Pwoteksyon Vi Prive a.
<p>Dwa pou pote plent si ou santi nou te vyole dwa w genyen yo</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Ou gen dwa pou depoze yon plent si w santi nou te vyole dwa w yo grasa youn nan mwayen sa yo: 1) lè w kontakte nou nan 1-302-623-4468; oswa lè w 2) kontakte Ajan Pwoteksyon Vi Prive nan ChristianaCare nan privacyoffice@christianacare.org. Tanpri bannou ase detay pou pèmèt nou mennen ankèt sou afè a. • Ou kapab pote plent nan Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Ameriken, Biwo Dwa Sivil grasa youn nan mwayen sa yo: 1) lè w voye yon lèt nan 200 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20201; 2) lè w rele nan 1-877-696-6775; oswa 3) lè w ale sou www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/complaints/. <p>Ou ka pote plent tou nan Biwo Dwa Sivil la: Manadjè Rejyonal Biwo Dwa Sivil, Region III, 150 S. Independence Mall W. Suite 372, Public Ledger Building Philadelphia, PA 19106-9111 (215) 861-4441; Nimewo Liy Dirèk: 1-800-368-1019.</p> <ul style="list-style-type: none"> • <i>TANPRI SONJE: Yo pa p ba w yon tretman ki diferan nan ChristianaCare paske w depoze plent. Yo p ap sanksyone w ni vanje kont ou paske w depoze plent.</i>
<p>Dwa pou chwazi yon moun pou aji pou ou</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Si w te bay yon moun pwokirasyon medikal oswa si yon moun se responsab legal ou, moun sa a kapab egzèse dwa w genyen yo epi fè chwa ki konsène enfòmasyon sante w yo. • Nou pral konfime idantite moun ki gen pouvwa pou li aji pou ou a anvan nou pran nenpòt mezi.

Echanj Enfòmasyon Sante (Health Information Exchange)

ChristianaCare patisipe nan plizyè Echanj Enfòmasyon Sante (Health Information Exchange, HIE) ak Rezo Enfòmasyon Sante (Health Information Network, HIN). HIE ak HIN yo kowòdone pataj enfòmasyon ant pami manm yo pou tretman, peman ak tranzaksyon swen sante yo. Atravè echanj sa yo, ChristianaCare kapab pataje enfòmasyon sante w yo ak lòt founisè w yo, pou garanti pa gen reta nan livrezon enfòmasyon sante vital bay founisè swen sante w yo. Pasyan yo gendwa dezenskri nan echanj enfòmasyon sante elektwonik yo.

<p>Rezo Enfòmasyon Sante Delaware a (Delaware Health Information Network, DHIN)</p>	<p>DHIN se yon echanj enfòmasyon sante rejyonal k ap sèvi Delaware, Maryland, ak D.C.</p>	<p>Ou ka “retire kò w” epi dezaktive aksè nan enfòmasyon sante w yo ki disponib atravè DHIN lè w rele nan 1-302-678-0220, oswa lè w ranpli epi soumèt yon fòm Retire Kò bay DHIN nan kourye lapòs, faks, oswa sou sitwèb yo a ki se https://www.dhin.org/consumer.</p>
<p>Sistèm</p>	<p>CRISP se yon echanj</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Ou ka “retire kò w” epi dezaktive aksè nan

Enfòmasyon Rejyonel Chesapeake pou Pasyan nou yo (Chesapeake Regional Information System for our Patients, CRISP)	enfòmasyon sante rejyonel k ap sèvi Delaware, Maryland, ak Washington, D.C.	enfòmasyon sante w yo ki disponib atravè CRISP lè w rele nan 1-877-952-7477, oswa lè w ranpli epi soumèt yon fòm Retire Kò bay CRISP nan kourye lapòs, faks, oswa sou sitwèb yo a ki se https://www.crisphealth.org . <ul style="list-style-type: none"> • Rapò sante piblik yo ak enfòmasyon sou Sibstans Danjere ki sou Kontwòl, nan kad Pwogram Siveyans Medikaman Preskripsyon (Prescription Drug Monitoring Program, PDMP) Maryland lan, pral toujou disponib pou pwofesyonèl swen sante yo.
The Healthshare Exchange of Southeastern Pennsylvania Inc. (HSX)	HSX se yon echanj enfòmasyon sante rejyonel ki bay Pennsylvania ak rès Delaware Valley ak Eta ki antoure yo, sèvis.	Ou ka “retire kò w” epi dezaktive aksè nan enfòmasyon sante w yo ki disponib atravè HSX, lè w rele nan 1-855-479-7372, oswa lè w ranpli epi soumèt yon fòm Retire Kò bay HSX nan kourye lapòs, faks, oswa sou sitwèb yo a ki se https://www.healthshareexchange.org/consumers
CommonWell Health Alliance (CommonWell)	CommonWell se yon òganizasyon echanj enfòmasyon sante nasyonal divès vandè Dosye Medikal Elektwonik (Electronic Medical Record, EMR) te mete sou pye kòm yon platfòm pou echanje enfòmasyon ant sistèm EMR ki pa menm yo.	Ou ka “retire kò w” epi dezaktive aksè nan enfòmasyon sante w yo ki disponib atravè CommonWell, lè w kontakte depatman HIMS lan nan (302) 320-6852.

Chanjman nan Avi sa a

Nou gen dwa pou nou chanje Avi sa a. Tout chanjman nan Avi a pral aplikab pou enfòmasyon nou te deja genyen sou ou yo, ak nenpòt enfòmasyon nou pral resevwa pi devan. [Nou pral afiche yon kopi Avi sa a nan lopital la ak sou sitwèb nou an ki se: www.christianacare.org](http://www.christianacare.org). Y ap afiche dat Avi sa a vin anplas anlè Avi a. Si nou fè chanjman ki enpòtan nan Avi sa a, nou pral ba w Avi ki ajou a nan pwochen vizit ou an.

Fason pou kontakte nou

Si w gen nenpòt kesyon sou avi sa a oswa si w bezwen fè yon demann bòkte Ajan Pwoteksyon Enfòmasyon Prive a, tanpri kontakte nou nan ChristianaCare c/o Privacy Officer, 4000 Nexus Drive, Avenue North, Suite NW3-100, Wilmington, DE 19803, oswa 1-302-623-4468.